

**НИФС КÆМÆ УА, Е ЦИЙФÆНДИ ЗИН УАВÆРТИ ДÆР УÆЛАХЕЗОН УОДЗÆНÆЙ!..**

***Василий ЧУЙКОВ (1900-1982), Советон Цæдеси Маршæл, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр: «Мах, Сталинградi тугъдтити цардæгас архайгутæ æвдесæн ан, ами не 'фсæддонтæн азар се 'нгæрон дæр ке нæ адтæй, мæлæтæй ке нæ тарстæнцæ æма си фæстæмæ ке нæ ледзæги кодтонцæ, уойиасæбæл нифсгунæй тох кодтонцæ, æма, сауæнгæ си ка фæммард уидæ, е дæр æ хуæцæнгарз æ къохæй нæ исуадзидæ, е 'ргом æздæхт уидæ нигулæнæрдæмæ...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№4 (876) 2023 анзи 10 февраль – комахсæни мæйæ

Аргъ 1 туман



**Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Сталинградi карз тугъдтити кæронбæттæн иссæй советон æфсæдти агъазиау уæлахез - 1943 анзи 2 феврали бунтон дæрæнгонд æрцудæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути агъазиау къуар. Æма уотемæй райдæдта Советон Æфсади размæцуд нæ Цитгин Уæлахезмæ. Сталинградi тугъдтити фескъуæлхтæнцæ цæгатиристойнаг тугъдонтæ дæр мингæйттæй. Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-аг фарсбæл.**



**Цæгат Иристони адæмон финсæг Цæгæрати Максим (1916-1990) дæр архайдта Сталинградi тугъдтити. Уоми 1942 анзи 19 ноябри ци æмдзæвгитæ ниффинста, уонæй еуей («Тæхуды...») абони мухур кæнæн цубуртæгондæй.**

## «СÆ НÆРГÆ КАД, СÆ НÆРГÆ НАМЫС ... СУДЗГÆ СТЪАЛЫТÆЙ БАЗЗАДЫСТЫ ÆНУСМÆ ...»

*Ард дын нæ хæрын,*
*Сомы дын нæ кæнын,*
*Мæ чысыл Ир!*
*Мæ цард æгасæй дæр уыди*
*Æнæзæгъгæ сомы,*
*Æнæской ардбахæрд...*

*...Цас лæгдзинад равдисын хъæуы,*
*Цал хохы сæрты ахизын хъæуы,*
*Цæмæй уыцы сомыты аккаг ысуай,*
*Уый тыххæй!*

*Сæ фæстаг улæфты,*
*Сæ уæлахизы бæрзондыл-иу басыгъдысты*
*Сæ карздæр сомытæ.*

*Арвы ферттывдау-иу*
*Цæхæртæ скалдтой,*

*Дзыллæты сæрмæ-иу стахтысты*
*Сæ нæргæ кад,*
*Сæ нæргæ намыс.*
*Изæрон арвыл-иу*
*Судзгæ стъалытæй баззадысты æнусмæ.*

*Скæс-ма сæм –*
*Цас æмæ цас сты!*

*Куыд цæхæртæ калынц!*
*Де 'нæрцæф хъæбултæ…*
*Дæ зынгхуыст кæстæртæ…*
*Дæ балхон хистæртæ…*

*Ард бахæрынмæ кæй нæ равдæлд,*
*Сомы кæнынып чи нæ сахуыр,*
*Уыцы хъæбултæ…*

*Тæхуды, уыдонæй иу фест!*
*Кæцыфæнды дæр уæд.*
*Æрмæст уыдонæй уæд!*
*Æхсæв-бонмæ цырагъдарæй*
*Фæсудз дæ сæрмæ, Ир.*
*Мæйдар æхсæв фæтъæбæрттлас*
*Уарзæтты разæй нарæг къахвæндагыл,*
*Ныррухс сын кæн сæ фидæнмæ фæндаг.*
*Тæхуды!..*

## ИМИСÆН



ДЗАГУРТИ Алексейи фурт Губади адтæй номдзуд лæгтæй еу, куд искурдиадæгин ахургонд, уотæ нæ национ гуманитарон ахурадæмæ æ æновуд хъиамæтти фæрци бахаста агъазиау байвæрæн. Æ зæруай бæнтти уотæ финста: «Мæхе кæдæй лæдæрун байдæдтон, уæдæй уарзун нæ адæмон исфæлдистадæ. Куд фулдæр цæргæ цудтæн, уотæ 'й фулдæр уарзтон; уой хæццæ ба ма бауарзтон иннæ адæмти фольклор дæр...»

Æма нæ адæми уодварни хæзнатæ бамбурд æма сæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау уодуæлдайæй фæхъхъазауат кодта. Уомæ гæсгæ ба нæ дзилли 'рдигæй æ берæ хъиамæттæн гъæуаума аккаг аргъгонд цæуа, æ рохс ном фæлтæрæй-фæлтæрмæ имисуйнаг уа. Æма 'й мах дæр абони имисæн, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ дæр, æма æрæги, 25 январи, æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1888-1979). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 5-7-аг фæрстæбæл.



### Æ ТОХ ÆНÆГЪÆНÆЙДÆР АДТÆЙ РÆСТАДИ СÆРБÆЛТАУ...

Абони ма имисæн еума цитгийнаг адæймаги рохс ном. Е æй Семен Митрофани фурт Штыб. Нæуæг, советон цардарæзт нæ Фидибæсти æрфедар унбæл æновуд архайæг. Граждайнаг тугъд фæууни фæсте куста паддзахадон æдасдзийнадæ гъæуай кæнуни нисанеуæгæй арæзт оргæнти. 1923 анзи нисангонд æрцудæй УСФСР-и медгъуддæгути Адæмон Комиссариати Хуæнхон ГПУ-й (Паддзахадон политуправлений) хецауæй. Æма ами æ ихæстæ æнхæст кæнгæй, еци анз бæгъатæрæй фæммард æй. Абони æ ном ба имисæн уомæ гæсгæ, æма 5 феврали æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1893-1923). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 5-аг фарсбæл.

*Мæскуй байгон æй хуæлцади продуктти, ниуæзти æма уони цæттæ кæнуни хомæгти 30-аг Æхсæнадæмон равдист «Продэкспо-2023». Уоми архайунцæ, куд Уæрæсей еугур регионти, уотæ фæсарæйнаг паддзахæдтæ берети минæвæрттæ дæр. Цæгат Иристонæй дæр си архайуй æхсæз кустуати, уони продукци æвдист цæуй сæрмагондæй арæзт еумæйаг экспозиций.*






# НÆУÆГДЗИЙНАДÆ ЦАРДИ УАДЗУН РАЙДÆДТОНЦÆ МÆЗДÆГИ РАЙОНИ

**Цæгат Иристони Парламенти Совети кезуй æмбурд арæзт æрцудæй Мæздæги районы. Совети архайди фæткæвæрди е иссæй нæуæгдзийнадæ, æма 'й царди уадзун ба нæ республики идарддæр районы ке байдæдтонцæ, е дæр хумæтæги нæй. Уой фæдбæл Парламенти Сæрдар ТУСКЪАТИ Таймораз, æмбурд игон кæнгæй æ радзубандий куд бахахæ кодта, уотемæй республики социалон-экономикон ирæзти гъуддагмæ районы фæллойнæгæнгутæ хæссунцæ аккаг байвæрæн. Æма загъта:**

– Нæ абони балций нисан æй, фæстаг æнзти районы ци зæрдæмæдзæугæ гъуддæгутæ арæзт æрцудæй æма ма цæуй, уонæмæ комкоммæ æркæсун æма син аккаг аргъ искæнун. Уой хæццæ ба, нерæнгæ ма си райаразуйнагæй ци социалон-экономикон æма æндæр ахсгиаг фарстатæ ес, уони равзарун æма сæ райаразунæн гъæугæ мадзæлттæ кутемæй ес исамал кæнæн, уæдта алли æмбæзадти разамунддæттæг оргæнтæ æма граждайнаг æмæхсæнади минæвæртти еумæйаг архайд фенгомдæр кæнун.

Национ проекттæ æма паддзахадон программитæ 2022 анзи Мæздæги районы куд æнхæстгонд цудæнцæ, уæдта сæмæ 2023 анзмæ ци пълантæ ес, уой фæдбæл æмбурди радзурдта Мæздæги районы муниципалон исконди сæргълæууæг **Гугити Геннади**. Куд фегъосун кодта, уотемæй, район евгъуд анзи фараст паддзахадон программеми ке архайдта, уой фæрци сæмæ æнхæстгонд цудæй фараст национ проекти.

Национ проект «Ахурадæ» рахъæрттæй районы ахургæнæндæнттæн сæ 86 проценттебæл. Черноярски станици фæззиндтæй, 200 ахургæнæн бунати кæми ес, уæхæн скъола. Нæуæг скъола арæзт цæуй Хъæзлари дæр, уодзæнæй си 500 бунати. Евгъуд анз бундоронæй цалцæггонд æрцудæнцæ цуппар скъолай.

Национ проект «Демографи»-йи фæрци Хъæзлари арæзт æрцудæй, сувæллæнттæн 120 бунати кæми ес, уæхæн рæвдауæндонæ. Уотемæй, сувæллæнттæн рæвдауæндæнтти бунæттæ фагæ ке нæ кодта, еци фарста районы лухгонд æрцудæй. Цуппар рæвдауæндонеми цæлцæггæнæн куститæ цæмæй райдайуонцæ, уой туххæй проектон-хæрзти гæгъæдитæ 'нцæ цæттæ.

Национ проект «Культурæ»-йи фæрци фæуунтæбæл æнцæ Терки станици культури Хæдзарæ бундоронæй цалцæггæнæн куститæ. Уотæ Киеваг гъæуи культури Хæдзари цалцæггæнæн куститæ дæр. Культури Хæдзарæ нуртæккæ арæзт цæуй Мæлгъæвæги, 2023 анзи ба культури артдзæстæ аразун райдайдзæнæнцæ Комаровойи. Аци анз ма бундоронæй цалцæггонд гъæуама 'рцæуонцæ Притеречныйи, Виноградныйи культури хæдзæрттæ æма сувæллæнтти музыкалон скъола Мæздæги.

Национ проект «Æнæнездзийнадæ»-мæ гæсгæ бундоронæй цалцæггонд æрцудæнцæ станицæ Луковскийи амбулатори. Аци анз ба нæуæгæй фельдшерон-акушерон пункттæ гъæуама фæззинна Л. Кондратенкойи поселокки, Веселойи гъæуи æма Павлодольски станици.

Иннæ паддзахадон проекттæ æма программити архайуни фæрци районы хуарзæй арæзт ци 'рцудæй, уæдта си ци исаразуйнаг æнцæ, уой фæдбæл лæмбунæг æрдзурдта Гугий-фурт.

Мæздæги районы бунæттон хеунаффæйади администраци æма хеунаффæйади æхсæнадон фæзуатон оргæнтæ æмгуст куд кæнунцæ, уæдта, еци кустæн æ фæлтæрддзийнадæ æма æ фæстеуæг циуавæр æнцæ, уой фæдбæл. Совети æмбурди радзубанди кодта Парламенти закъонæвæрунади, закъонадæ æма бунæттон хеунаффæйади комитети сæрдар **Черчести Аслан**. Мæздæги район дехгонд æй фараст фæзуатебæл, æма уонæй алли рауæн дæр сæ куст кæнунцæ бунæттон хеунаффæйади æхсæнадон фæзуатон оргæнтæ. Уонæн сæ куст, æцæгæйдæр, æй ахсгиаг: сæ фæрци бунæттон цæргутæн равгæ ес сæ тухстаг фарстатæ, кæмæй аразгæ æнцæ, уонæмæ бахъæртун кæнун, сæ ралух кæнуни мадзæлтти фæдбæл сæ гъудитæ зæгъун, еу дзурдæй, разæнгардæй архайунцæ æхсæнадон царди.

Парламенти бюджети, хъалонти, есбонадæ æма кредитон организацити комитети сæрдари хуæдæййевæг **Тауитти Александр** куд фегъосун кодта, уотемæй евгъуд анзи районы бюджети æфтуйæггæгтæ рауадæнцæ 2131,3 миллион соми, хæрзтæ ба – 2082,1 миллион соми, уотемæй, бюджет рауадæй æфтуйæггин – 49,2 миллион соми. Мизди тæккæ минкъийдæр бæрцæ ке фæффулдæр æй, уой нимайгæй, районы цæргутæн сæ еугуремæн дæр сæ мизд бафистонцæ. Кæмæн æнгъезуй, уонæн сæ еугуремæн дæр фист æрцудæнцæ сæ социалон агъази феддонтæ. Республикон бюджетæй кредити хузи раздæри æнзти район ци æфстæуттæ райста, уони дæр федуй, æма ма 2023 анзмæ 1 январмæ еци ихæсæй байзадæй 12,0 миллион соми, гъома, фæцæй 35,4 процентемæй минкъийдæр. Тауитти Александри дзубандимæ гæсгæ, аци анз районы бюджетæн æ размæ ци ихæстæ лæууй, етæ æнцæ: хъалонти политикæ нивæбæл æнхæст кæнун, уæдта хъалонти бæрцæ фулдæр кæнун, амалгъомадæн зæрдæмæдзæугæ финансон уавæртæ аразун, районмæ инвестори æргом здахун æма æндæртæ.

Мæздæги районы гъæуупнхæдзарадон къабази нури уавæри æма æ идарддæри райрæзти нисанти фæдбæл æмбурди радзурдта Парламенти аграрон æма зæнхи политики, экологи æма æрдзон фæрæзнити комитети сæрдар **Качарати Олег**.

Мæздæги районы зæнхитæ 'нцæ 107,1 мин гектари – уонæй 86 мин гектари гъæуупнхæдзарадон нисанеуæги зæнхитæ. Районы гъæууон хæдзаради сæйраг къабæзтæ 'нцæ фонсдарунадæ æма зæнхи куст кæнун. Еци куститæ æнхæст кæнуни районы гъæууон хæдзарадæн æ къохи ци бафтудæй, уобæл лæмбунæг æрдзубанди кæнгæй, æма, Мæздæги районы гъæуупнхæдзарадон продукци адæм уæлдай фулдæр ке агорунцæ, уой бафеппайгæй, Качарати Олег е 'ргом раздахта агропромышленнон къабазæ никки бæрзонддæр æмвæзадæмæ исесуни мадзæлттæмæ.

Еугур дзубандигæнгутæмæ байгъосгæй, Парламенти совети иуонгтæ рахастонцæ æнхæсткæнуйнаг бæлвурд унаффитæ æма фæндитæ.

Совети иуонгтæ ма ци федералон æма республикон закъонти проекттæмæ 'ркастæнцæ, уони фæдбæл æмбурди дзубанди кодтонцæ: Черчести Аслан, Тауитти Александр, Качарати Олег, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ æма арæзтадон политики комитети сæрдар **Остъати Георги**, социалон политики, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ æма ветеранти гъуддæгути фæдбæл комитети сæрдар **Реуазти Ларисæ**.

Æмбурди фæсте Тускъати Таймораз Парламенти Кади гæгъæдитæй æма Парламенти Сæрдари Арфи гæгъæдитæй исхуарзæнхгин кодта, районти социалон-экономикон райарæзтмæ æ фæнзуйнаг кустæй аккаг байвæрæн ка бахаста, царди алли къабæзти, еци косгути.

Еци бон ма Тускъати Таймораз, æ хæццæ Парламенти совети иуонгтæ, уотемæй бабæрæг кодта сувæллæнтти технопарк «Кванториум», Мæздæги нæуæг арæзт 3-аг скъола, поселок Советони фельдшерон-акушерон пункт.

Мæздæги районмæ депутатти балций кæронбæттæн Тускъати Таймораз дзуæппитæ равардта дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти фарстатæн. Куд загъта, уотемæй республики районти Парламенти Совети æмбурдтæ аразуни куст æнхæст кæндзæнæнцæ идарддæр дæр. Уотемæй депутаттæ лæмбунæгдæр зонгæ кæндзæнæнцæ адæми цардиуаги æнæмæнгæ райаразуйнаг фарстати хæццæ, æма син уотемæй бæрæгдæр уодзæнæй сæ райаразуни туххæй циуавæр мадзæлттæ фæппайдадæр уодзæнæнцæ, е.

***МАЛХЪАРТИ Зæлинæ***

**ХУАРЗ ÆХЦÆУÆН ÆМА АХЕДГÆ ФÆУУЙ, АФОЙНАДÆБÆЛ КОНД КУ ÆРЦÆУЙ, УÆД!..**



# СОЦИАЛОН ФЕДДОНТÆБÆЛ БАФТУДÆЙ

Æ тухи бацудæй, аци анзи 1 февралæй фæстæмæ цалдæр социалон феддонти бæрцæ 11,9 проценти фæффулдæр кæнуни туххæй Уæрæсей хецауадон Унаффæ.

Фиццагидæр фæффулдæр уодзæнæнцæ сувæллонгин бийнонтæн, уæдта Советон Цæдеси æма Уæрæсей Бæгъатæртæн æма адæми æндæр къуæрттæн сæрмагонд феддонтæ. Зæгъæн, инвалидти, ветеранти, Советон Цæдеси æма Уæрæсей Бæгъатæрти, Намуси ордени æнхæст кавалерти, Социалистон Фæллойни Бæгъатæрти, Уæрæсей Фæллойни Бæгъатæрти, Фæллойнадон Намуси ордени æнхæст кавалертæ æма радиаци ке багъигæдардта, еци адæми социалон феддонтæбæл 1 февралæй фæстæмæ бафтудтонцæ. Индексацигонд æрцæудзæнæнцæ, сувæллонгин бийнонти еуæй-еу пособитæ дæр (сувæллони райгурди рæстæг еухаттон æма сувæллонмæ зелуни фæдбæл аллимæйон пособитæ).

Уомæй уæлдай, 1 февралæй фæстæмæ ниййерæги капитали бæрцæбæл дæр бафтудæй 11,9 процентти. Ниййерæги капитал ка нæма бахарз кодта, еци бийнонти фæрæзнитæ дæр фæффулдæр уодзæнæнцæ, æма уотемæй фиццаг сувæллони райгурди рæстæг ниййерæги капитали бæрцæ исхъæртдзæнæй 586,9 мин сомей уæнгæ, дуккаг сувæллонæн ба феддзæнæнцæ 775,6 мин соми.

Уæ зæрдæбæл уин лæууун кæнæн: раздæри анзи инфляций æцæг бæрцæ нимайгæй, евгъуд анзи 1 февралæй фæстæмæ алли анз дæр ниййерæги капитали бæрцæбæл æфтаунцæ. Фарæ фæлхæсадон æргътæ ке фæббæрзондæр æнцæ, уой нимайгæй, пособитæ æма компенсацити бæрцæбæл бафтудтонцæ 11,9 проценти.

Хабæрттæ бæлвурддæр базонæн ес Уæрæсей Социалон фонди регионалон контакт-центри: телефон – 8-800-600-03-71, 9 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ, майрæнбони – 9 сахаттемæй 16 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ.

**Тугъдонтæ-интернационалистти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 15 феврали – еци бон Афганистанæй æнæгъæнæй дæр ракодтонцæ, уоми сæ интернационалон ихæс ка æнхæст кодта, еци советон æфсæддон хæйттæ.**

***ДЗАГУРТИ Губадий исфæлдистадæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ дæр æнæмæнгæ цæмæдесаг уодзæнæй. ХÆМИЦАТИ Тамари æновуд фæллойни фæрци æ рæстæги хецæн киунугутæй уагъд æрцудæнцæ нæ номдзуд таурæхъæгæнгути уадзимисти æмбурдгæндтæ. Раздзурдтæн ба си æвæрд æнцæ, еци адæймæгути туххæй Дзагури-фурт кæддæр ци уацтæ ниффинста, етæ.***



# ЦИТГИЙНАГ НИН ÆЙ Æ РОХС НОМ



**ХÆМИЦАТИ Тамарæ**
**(1932-2011)**
филологон наукити кандидат

Дзагурти Губади райгурдæй 1888 анзи Киристонгъæуи. Æ фидæ Дзагурти Дзабо (Алексей) адтæй гъæуун скъолай ахургæнæг.

Бунæттон скъола каст фæуууни фæсте Губади ахур кодта Владикавкази реалон училищей, 1912 анзи ба каст фæцæй Харькови университети филологон факультет. Студент уогæй, Губади уотæ хуарз ахур кодта æма ин равардтонцæ фиццаг къæпхæни диплом, æма 'й, куд искурдиадæгин студент, уотæ уорæдтонцæ идарддæр ахур кæнунмæ. Фал хæдзари уагæ уоййасæбæл фæккæсуйнаг адтæй, æма ин æнæ косуни амал нæ адтæй.

Нæхемæ ин не 'ссæй иссерæн куст æма рандæй Фæсбайкали округи Верхнеудински реалон училищемæ, косун си райдæдта уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæгæй. Бакуста си фондз анзи. Æригон ахургæнæг æ зунд, æ тухæ, æ зонундзийнæдтæ æнæвгъауæй лæвардта ахурдзаутæн, æма 'й етæ дæр нимадтонцæ, уарзтонцæ 'й. Дæс æма инсæй анзей фæсте дæр ма Губади райста цалдæр зæрдирай финстæги æ рагон ахурдзаутæй.

Идард Фæсбайкали косгæй, æ зæрдæ æноси дæр дзурдта æхе адæммæ, Губадийæн æ уарзон бæстæмæ, æма куддæр революци фæуууæлахез æй, уотæ Иристонмæ иссудæй æма райдæдта косун облæстон ахуради хайади сæргълæууæгæй.

Æновудæй фæккуста берæ æнзти, аразта гъæути сувæллæнттæн скъолатæ, куста педагогон институти ирон æвзаг æма литератури кафедри сæргълæууæгæй, наукон-æртасæн институти директорæй æма ма æндæр бæрнон бунæтти. Фал уæддæр æ царди сæйраг гъуддаг ба иссæй адæмон исфæлдистади хæзнатæ æмбурд кæнун, сæ багъæуай кæнунбæл æновудæй архайун.

Дзагурти Губади æхуæдæг куд финсуй æ автобиографий, уотемæй æ бийнонти 'хсæн фегъуста аргъæуттæ, таурæхътæ æма сæмæ зæрдиуарзондзийнадæ рахаста æ сувæллони бонтæй фæстæмæ. Уотæ имиста: «Мæ фиди мадæ Минæт ахид уотæ дзоридæ: «Уæ, мæ гъæла биццеу! Аргъæуттæмæ игъосæ, уарзæ сæ, е ба ку райрæзай, уæд царди ести балæдæрай».

Изæрæй, цит, Дзагурти хæдзари ахид æрæмбурдиуонцæ хеуонтæ, синхæнттæ, тъæригъосмæ хæстæг исбадиуонцæ, æма, цалинмæ æхсæвæр цæттæ кæнидæ, уæдмæ дзубанди кодтонцæ, таурæхътæ, зæронд хабæрттæ имистонцæ. Ахиддæр сæмæ цудæнцæ сæ хуæрифурттæ: сæ еу – зæронд, урсрехæ Мудойти Сабе, иннæ – Цæголти Санге. Гъе уонæй Губади фегъуста фиццагидæр дессаги аргъæуттæ æма Нарти кадæнгитæ.

Ку фæгъгъомбæл æй, уæдта сæ игъуста нихæси; изæрæй, фæскуст ку æрæмбурдиуонцæ лæгтæ æма ку фæдздзориуонцæ сæ синхи цæрæг, æнæгъæнæ Иристони дзилли 'хсæн дæр зундгонд кадæнгитæгæнæг Саулати Дзæрæхмæ, уæд уомæй.

Уой фæсте ба уотæ рауадæй, æма Губади училищей ахур кæнун ку байдæдта, уæд фиццаг къласи æвзурст æрцудæй библиотекæрæй сæ къласæн, æма киунугутæ адтæнцæ уой бæргъдауонди. Библиотеки разиндтæнцæ уæхæн киунугутæ, æма 'й деси æфтудтонцæ. Зæгъæн, В. Миллер «Осетинские этюды» æма æндæртæ, кæцитæми мухургонд адтæй ирон-дигорон æма иннæ кавказаг адæмти фольклорон æрмæгутæ. Уонæй Губади базудта ирон, дигорон, уруссаг устур ахургонд лæгти нæмттæ, кæцитæ æмбурд кодтонцæ Нарти кадæнгитæ, аллихузон фольклорон уадзимистæ æма сæ кавказаг периодикон мухури уагътонцæ. Етæ адтæнцæ Санати Гацир, Гуцир æма Дзантемур, Тæкъоти Ф., Хъæйтмазти А. æма æндæртæ. Уони фæрци Губади базонгæ 'й æма балæдæрдтæй, фольклор ке æй адæмæн æ устур хæзна, уой.




**Дзагурти Губадий бацæттæгонд киунугæ «Осетинские (дигорские) народные изречения» фиццаг хатт уагъд æрцудæй 1980 анзи Мæскуй. 2011 анзи ба æнхæстдæр кондæй Туйгъанти Махарбеги графикон хузтæй фæлгонцгондæй рацудæй нæхемæ, Цæгат Иристони. Бацæттæ 'й кодта æма æ раудзунбæл байархайдта Гетъоти-Миндзайти Ларисæ.**

Уæди скъолати ирон-дигорон æвзаг нæ ахур кодтонцæ, æма Губади æхе хъаурæй киунугутæмæ гæсгæ (Миллери «Осетинские этюды», Хетæгкати Къостай «Ирон фæндыр», Къубалти Александри «Æфхæрдты Хæсанæ» æма Гурджибети Блашкай уадзимистæ исахур кодта ирон-дигорон орфографи, базудта финсун. Æхсæрдæс анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд ниффинста фиццагидæр Нарти кадæнгитæ æма гъе уæдæй фæстæмæ æ рамæлæти уæнгæ – кæмидæр уидæ – æмбурд кодта фольклор. Студент уогæй, алли сæрди дæр цудæй Киристонгъæумæ, Дигоргоми гъæутæмæ æма æмбурд кодта фольклорон æрмæг. Гъе еци æнзти базонгæ 'й искурдиадæгин æма зундгонд зартæгæнгутæ æма таурæхъгæнгути хæццæ, æма син ниффинста сæ зартæ, етæ адтæнцæ Текъойти Хъубади æма Сарæбий, Хъæлицти Омар, Бæзити Саулох, Кертибийти Кертибий æма иннæ уадзимисæ адæймæгутæ.

Иристони 1918-1920 æнзти Иристони граждайнаг тугъд кæд нæма æрæнцадæй, уæддæр Губади нæ ниуугъта æ уарзон куст. Гъе уæхæн æзмæнст рæстæги газет «Горская жизнь» (№1568) ниммухур кодта уац, кæми фæддздзурдта Иристони интеллигенцимæ: «Нæ хъауритæ байеу кæнæн, цæмæй нæ адæмон исфæлдистадæ фæййервæза; багъæуай æй кæнæн. Ервæзун ба уотемæй, æма алли коми цæргутæмæ дæр ци ес хуæздæрæй, уони ниффинсæн, цæмæй ирæзгæ фæлтæрæн байзайуонцæ æносмæ…»

Ирон-дигорон интеллигенций раззагдæр минæвæрттæ исаразтонцæ сæрмагонд æхсæнадæ («Историко-филологическое общество»), æ разæнгардгæнæг адтæй Губади. Е ин ниффинста устав æма программæ. Устур куст бакодта «Филологон æхсæнадæ». Æ иуонгтæ (Æмбалти Цоцко, Гуриати Гагудз, Æлборти Барæсби, Томайти Хъилци, Губади æхуæдæг æма иннетæ) цудæнцæ гъæутæмæ фольклор æмбурд кæнунмæ, хатгай гъæутæй сахармæ æрхониуонцæ кадæнгæгæнгути, зартæгæнгути æма сæ къуæрегæйттæ уоми баурамиуонцæ .

Уотемæй институти архиви æрæмбурд æй дзæвгарæ фольклорон æрмæг алли жанртæй, аргъæуттæй райдайæ æма æмбесæндти уæнгæ. Губади ниффинста 80 адæмон таурæхъгæнæгæй 4380 тъафей бæрцæ уадзимистæ. Устур аргъ син кæнæн абони дæр ма, уомæн æма финст æрцудæнцæ дзилли 'хсæн зундгонддæр æма дзурдмæ дæснидæр ци кадæнгæгæнгутæ æма зартæгæнгутæ адтæй, адæмон поэттæ, зæгъæ, æнæмæнгæ ке исхонун æнгъезуй, гъе уонæй. Ду.

Фæстæдæр, 1925 анзи «Филологон æхсæнади» бундорбæл арæзт æрцудæй Цæгат Иристони бæстæзонæн институт. Уæд фадуат фæззиндтæй фольклорон æрмæг мухур кæнунæн. Губадий устур кусти фæрци рацудæнцæ дууæ рауагъдемæй «Памятники народного творчества осетин» (ПНТО). Бацæттæ сæ кодта, уруссаг æвзагмæ сæ ратæлмац кодта æма син комментаритæ ниффинста Губади. Абони дæр ма еци киунугутæн устур аргъ кæнунцæ, куд нæхе бæсти, уотæ фæсарæйнаг ахургонд адæм дæр.

Дзагурти Губади 1938 анзи ахæст æрцудæй, фудгин æй кодтонцæ, гъома, буржуазон националист æй, зæгъгæ. Æма æвудæй финддæс анзи фæббадтæй цалдæр лагеремi. Фал уоми дæр, устур зин уавæрти уогæй, нæ устурзæрдæ кодта æ уарзон фольклорбæл. Минкъийдæр ин фадуат ку фæууидæ, уæддæр косидæ адæмон исфæлдистади æрмæгутæбæл.

Ташкенти ахæстдони уогæй, исахур кодта таджикаг æвзаг (дигорон æвзагмæ хæстæг æй) æма ниффинста таджикаг фольклор 2757 тъафей бæрцæ. Еци æрмæг нур æй Ташкенти Рудакий номбæл æвзаг æма литератури институти сæрмагондæй – Дзагурти Губадий фонди. Æ еу хай ба мухургонд æрцудæй таджикаг фольклори æмбурдгонди 1-аг томи («Свод таджикского фольклора», т.1, М. 1981 анз).

Дзæуæгигъæуи лагери бадгæй, Губади 1942 анзи ниффинста ирон, дигорон, гурдзиаг æма мæхъæлон фольклор (880 тъафи).

Губади 1953 анзи реабилитацигонд æрцудæй æма бакуста нæхе педагогон институти еудуæ анзи, уæдта Мæскуй падздзахадон университети ирайнаг æвзагзонæн кафедри разамунди хундмæ гæсгæ кастæй студенттæн ирон æвзаг æма литературæбæл лекцитæ.

Æ устурдæр бæлдæ Губадийæн адтæй, адæмон исфæлдистадæ мухури куд рацудайдæ, æма ин «дуккаг цард» ку райдæдтайдæ, адæммæ куд æрæздахтайдæ киунугути, е. Нæхе республики ин, гъулæггагæн, нæ бантæстæй уой исарæзун.

Е ин адтæй устур маст. Еуæйеу хатт, æ маст ку иссæуидæ, уæдта ходæзмолæй зæгъидæ: «Цæй, мæхе цæбæл мæстæй марун, цума мæ мæрдти Барастæр æхемæ нæ бауадздзæнæй æнæ аци куст бакæнгæй…»

Æ зæрдæ (уæдта айдагъ уой зæрдæ нæ, фал берети зæрдитæ дæр) хъæбæр барохс æй, 1973 анзи Мæскуй рауагъдадæ «Науки» дигорон аргъæуттæ ку рацудæнцæ, уæд. Аци киунуги мухургонд æрцудæнцæ, Губади берæ æнзти морæгæй ци аргъæуттæ фембурд кодта, етæ; æхуæдæг сæ бацæттæ кодта, уруссаг æвзагмæ сæ раййивта, комментаритæ син ниффинста. 1980 анзи ба хецæн киунугæй уагъд æрцудæнцæ Мæскуй хецæн киунугæй – «Осетинские (дигорские) народные изречения», фал уой, гъулæггагæн, Губади нæбал фæуууидта – уæдмæ æ цардæй рахецæн æй...

Уæлдæр куд загътон, уотемæй Дзагурти Губади адтæй устур ахургонд лæг, æма кæд дигорон лæг ескæд æ адæмæн æносмæ устур æвæрæн искодта, уæд æностæмæ цитгийнаг хуарзи бацудæй, уæд зæгъæн ес, æма уомæй агъазиау фескъуæлхтæй Дзагури-фурт. Ци æрмæгутæ æрæмбурд кодта æма исæфунæй багъæуай кодта, æхецæн си неци пайда иссергæй, (фæстаг æнзти ба сæбæл æ пенсий къапеккитæ машинисткитæн дæр ма бафедидæ), етæ байзайдзæнæнцæ æносмæ æма цæрдзæнæнцæ, цалинмæ дигорон дзурд азæла, уæдмæ.

Нæ адæми алли нæуæг фæлтæр дæр еци æрмæгæй, мæнæ сауæдонæй æнтæф рæстæги адæймаг е 'донугдзийнадæ куд исуадзуй æма æ хъаурæ куд фæффулдæр уй, уотæ есдзæнæй хъаурæ, зунд, уоди фарнæ.

***РЕДАКЦИЙÆЙ:*** *Дзагурти Губади æ рæстæги ци адæмон таурæхътæ бамбурд кодта, уонæй цалдæр абони мухур кæнæн – кæсетæ сæ 6-7-аг фæрстæбæл.*

**Операцион медицинон хуæри Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæуй 15 феврали. Хъæбæр æхцæуæнæй арфæ кæнæн нæ республики еугур операцион медицинон хуæртæн дæр, нæ зæрдæ си зæгъуй, цæмæй сæхуæдтæ дæр боз уонцæ сæ ахсгиаг кустæй, арфиаг си уонцæ, кæбæл аудунцæ, еци адæм дæр.**

*Цуппаринсæй анзей размæ (1943 анзи 13 æма 17 феврали) Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуайгæнæн тугъдтити архайæг инсæй æфсæддон альпинисти исхизтæнцæ Кавкази хуæнхти бæрзæндтæмæ, уордигæй рагæлстонцæ фашистон турусати байзайæггæгтæ æма си æрфедар кодтонцæ ССР Цæдеси паддзахадон турусатæ.*






Цæгат Иристони тугъдонтæй Сталингради тугъдтити ка фæммард æй, уонæн Мамайи обауи Мемориалон комплекси 2017 анзи 5 майи æвæрд æрцудæй номерæн циртдзæвæн.

# ИРИСТОЙНÆГТÆ ЕЦИ ЛÆГÆВЗАРÆН ТУГЪДТИТИ



**ХУДÆЛТИ Темирсолтан,** (1921-2001)
историон наукити кандидат

1942 анзи гитлерон æфсæдти 90 дивизий батудтонцæ Хонсари фронт æма бацудæнцæ Дон æма Волги ’хсæнмæ, сæ них исаразтонцæ Сталинград æма Цæгат Кавказмæ. Сталинград æнæмæнгæ багъæуай кæнун гъудæй, кенæдта гитлеронтæн фадуат фæцайдæ, бæсти арф къилдунмæ рацæугæй, цæгатæрдæмæ ниццæвунæн. Знаг Сталинград ку байстайдæ, уæд бастдзийнадæ фæххецæн адтайдæ Кавказæй, æма фашисттæ æнцонæй архайдтайуонцæ хонсари ’рдигæй. Дууæсæдæ бони цудæй агъазиау тох. Æ цæстæ ибæл æрæвардта æнæгъæнæ дуйне. Æма ами знаг æрцудæй дæрæнгонд. Æдеугурæй Сталингради бунмæ знагæй фæгъгъудæй 1,5 миллион адæймаги.

Еци уæлахез къохи бафтудæй уомæн, æма ами фæрсæй-фæрстæмæ знаги нихмæ сæхебæл нæ ауæрдгæй хуæстæнцæ Уæрæсей æма Украини, Белоруссий æма Прибалтики, Кавкази æма Сибири, Казахстани, Астæуккаг Азий – еугур советон адæмти хъæболтæ.

Сталингради бунмæ бæгъатæр тох кодтонцæ иристойнæгтæ дæр.

1942 анзи 28 ноябри фондз тугъдоней фидæ **Сæлбити Гаврил** райста финстæг Сталингради фронтæй: «Уæ бон хуарз, хъазар Гаврил æма Бабали! Сæрустур уотæ уæ бæгъатæр фурт Владимирæй. Е кади хæццæ æнхæст кæнуй æ ихæс. Райгурæн бæсти размæ, æнауæрдонæй дæрæн кæнуй знаги. Владимир цубур рæстæгмæ рамардта 89 фрици. Уæ фурти ном райгъустæй æнæгъæнæ фронтбæл дæр. Ахид æ бæгъатæрдзийнади кой кæнунцæ æфсæддон газетти».

Æрæдойнаг æфсæддон Зæнгиати Дзибу тугъдтити фæццудæй Сталинградæй Берлини уæнгæ. Сталингради бунмæ ци историон тугъд цудæй, уоми сержант **Тогузти Хъаурбег** æма е ’мбæлттæ ниппурх кодтонцæ аст танки æма хуæддзæугæ дзармадзани, æртиндæс пулемети, ниццагътонцæ 800 салдати æма афицери.

Сталингради бунмæ хуæстæй батальони комиссар, Иристони зундгонд финсæг майор **Плити Грис**. Ами бæгъатæрæй хуæстæнцæ 4-аг танкти нихмæ тохгæнæг дивизиони 4-аг бæхгин корпуси командири хуæдæййевæг **Цуцити Барис**, 1007 артиллерион полкки артиллерион дивизиони командир майор **Гæбути Харитон**, 228-аг хецæн пулеметон-артиллерион батальони взводи командир лейтенант **Лолати Геуæрги**, 80-аг гвардион минометон полкки штаби хецау, гвардий капитан **Дзугати Гадæгко**, 298-аг фестæг æфсæддон дивизий 886-аг полкки командир болкъон **Саутæти Михал** æма берæ æндæртæ. Айдагъ сæ номхигъд дæр байахæссидæ берæ бунат.

Сталингради бунмæ тугъдтити 14-аг гвардион дивизий уогæй, Советон Цæдеси Бæгъатæр **Ходи Къоста** равдиста устур лæгдзийнадæ. Знаг Волгæ æма Дони билтæй ледзун райдæдта Александровскийи гъæубæл. Ходи-фурт дзæхæрадонæй рагæпп кодта знаги колонни размæ æма сæбæл ралæудтæй пулеметæй. Гитлеронтæ фæттарстæнцæ æма аллирдæмæ ледзун райдæдтонцæ. Еци тугъди Ходи-фурт мæрдтæмæ барвиста 25 гитлерони, басугъта æртæ хуæдтолги, æрлæуун кодта еу рæуæг æма еу уæзласæн хуæдтолгæ. Æфсæддон газет «В бой, кавалеристы!» æ фæрстæй еуеми радзурдта еци бæгъатæрдзийнади туххæй. Уоми адтæй финст: «Гвардий сержант Ходи Константин æй, тугъди циренмæ æхе ка гæлдзуй æма алкæддæр уæлахезæй ка рацæуй, еци коммунисттæй еу».

1942 анзи фæззæги Сталингради тугъди уæлдай хъæбæрдæр раргом æй арæхстдзийнадæ 807-аг авиацион, полкки эскадрилий командир Советон Цæдеси Бæгъатæр **Чочити Василийæн**. Фæллад нæ зонгæй, е бомбитæ згъалдта знаги фестæг æфсæдтæбæл æма танкитæбæл, артиллерий æма минометти хуæцæн бунæттæбæл.

Еци гъунтъуз бæнтти полкки командæкæнунадæ финста тæхæги мадæмæ: «Мах дæ фурт Василийи нимайæн нæ тугъдон æмбæлтти хуæздæртæй еуебæл. Мах сæрустур ан æ бæгъатæрдзийнадæй. Идард Иристонæй æрцæугæй, е ами, Сталингради бунмæ, æ маст есуй знагæй, гъæуай кæнуй, нæ алкæмæн дæр хъазар ци ’й, уой, – Советон берæнацион паддзахадæ».

Сталингради бунмæ бæгъатæрæй тох кодта æма æ рамæлæти фæсте муггагмæ хаст æрцудæй 646-аг авиацион полкки тугъдонти номхигъдмæ кæстæр лейтенант **Козати Саликъо**. Е фæммард æй 1943 анзи 17 январи Сталингради фронти командæкæнуйнади сæрмагонд ихæслæвæрд æнхæст кæнгæй. Уой фæдбæл 208-аг авиацион дивизий политхайади хецау финста командæкæнуйнадæмæ: «1942 анзи фæззæги 624 авиацион полкмæ ’рбацудæй æригон тæхæг, сурхæфсæддон иристойнаг лæхъуæн Козати Василийи фурт Саликъо.

... Бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй Козай-фурт 2-аг уæлдæфон æфсади еугуремæй раздæр райста Фидибæсти тугъди дуккаг къæпхæни орден, еци рæстæг ин лæвæрд æрцудæй кæстæр лейтенанти ном. 1943 анзи 17 январи Козай-фурт хуæдтæхæг У-2-бæл ратахтæй нæ раззаг хæйтти хæццæ бастдзийнадæ нæуæгæй исаразуни туххæй... Ихæслæвæрд æнхæстгонд ку ’рцудæй æма экипаж фæстæмæ ку æрбатахтæй, уæд хуæдтæхæгбæл ралæудтæнцæ знаги дзармадзантæ. Иссугъдæй æ мотор. Лæхъуæн гъавта хуæдтæхæг æрбадун кæнунбæл, фал æ къæхтæ цæф адтæнцæ. Арти пеллон бустæги бахæстæг æй тæхгутæмæ, ниггупп кодта сæ дарæс, цæститæй ракæсæн нæбал адтæй, фал уæддæр Козай-фурт æрбадун кодта хуæдтæхæг æма штурмани хæццæ рагæпп кодтонцæ содзгæ хуæдтæхæгæй... Немуцаг фашисттæ аллирдигæй уадæнцæ хуæдтæхæгмæ. Саликъойæн, æ къæхтæ цæф ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ ин нæ адтæй гъæдæмæ уайунæн æма фæдздзурдта е ’мбал Овчинниковмæ: «Ду уайæ æма нæхеуонтæн фегъосун кæнæ, нæ ихæслæвæрд ке исæнхæст кодтан, уой туххæй». Овчинников фæттагъд кодта, кæд æй е ’мбали зин рауæн ниууадзун нæ фæндадтæй, уæддæр. Уотæ амудта уавæр. Саликъомæ бауадæнцæ дууæ фашисти æма сæ фехста. Æхсæз нæмуги ма рауагъта знагбæл. Æзнæт немуцæгтæ сæхе никкалдтонцæ мард тæхæгбæл, рæхустонцæ ’й кæрдтæй».

Сталингради тугъдтити æнтæстгинæй архайдтонцæ нæ номдзуд инæлартæ **Плити Иссæ**, **Цæликкати Хъантемур**, **Карсанти Хъазбег**, уæдта нæ исуйнаг инæлартæ **Дзилихти Михал**, **Билаонти Павел**.

Советон Цæдеси Бæгъатæр **Карсанти Хъазбег** 1942 анзи октябри æ реактивон артиллерий полкки хæццæ ’рбацудæй Сталингради фронтмæ æма уайтæккæ æвæрд æрцудæй Сталингради фронти реактивон артиллерий хæйтти æфсæддон оперативон къуари хецауæй.

Инæлар **Хетæгкати Геуæрги** 1942 анзи кæрони нисангонд æрцудæй 3-аг гвардион æфсади штаби хецауæй. Архайдта Астæуккаг Дони немуцаг-итайлаг æфсæдти дæрæн кæнуни тугъдтити æма си фескъуæлхтæй, уой туххæй ин аккаггонд æрцудæй Кутузови фиццаг къæпхæни орден.

Берæ æма берæ ’й, нæ адæмæй Сталингради тугъдтити ка архайдта, уони нимæдзæ. Беретæ си сæ цард равардтонцæ не ’стур Уæлахези сæрбæлтау. Капитан Балати Георги фæммард æй 1943 анзи 20 январи æма нигæд æрцудæй Сталингради облæсти колхоз «8-аг мартъи»-йи зæнхæбæл. 680 фестæгæфсæддон полкки лейтенант алагираг **Бутати Владимир** фæммард æй 1942 анзи 1 ноябри æма ивæрд æрцудæй совхоз «Стальгрэс»-и зæнхæбæл. Некæд феронх уодзæнæнцæ еци бæгъатæрти нæмттæ адæмæй.

Сталингради тугъдтити советон æфсæдти фæууæлахез айдагъ нæ Фидибæсти нæ, фал æнæгъæнæ дуйнети дæр нимад цæуй æгæрон агъазиау æфсæддон æскъуæлхтдзийнадæбæл Махæн, Иристони дзиллæн ба уæлдай устур сæрустурдзийнадæ е æй, æма еци цитгийнаг уæлахези хъазауатонти æхсæн ке адтæнцæ нæ æмзæнхон тугъдонтæ, сæ бæгъатæрдзийнадæ абони дæр цитгингонд ке цæуй.

**Цуппаринсæй анзей размæ (1943 анзи 8 феврали) Воронежи фронти æфсæдтæ сахар Курск исуæгъдæ кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй. Еци тугъдтити архайгæй, фескъуæлхтæнцæ мингай иристойнаг тугъдонтæ дæр.**

# Æ ТОХ ÆНÆГЪÆНÆЙДÆР АДТÆЙ РÆСТАДИ СÆРБÆЛТАУ...

Цæгат Иристони сæйраг сахар Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу, Цæнгæт, зæгъгæ, ке хонунцæ, еци хедбæл Теркæн æ рахес фарсмæ тæккæ бацæуæни ес асæй минкъийгомау, фал рæсугъд фæзæ. Хæссуй Штыби ном. Хестæр фæлтæртæ 'й, махмæ гæсгæ, зондзæнæнцæ, ке ном хæссуй, еци адæймаг ка адтæй, уанæбæрæг цæмæй фескъуæлхтæй, æма ин уоййасæбæл кадæгонд цæмæ гæсгæ æрцудæй Цæгат Иристони сæйраг сахари, уой. Фал нури кæстæртæ ба уой фæдбæл хабæрттæ, æвæдзи, æнхæст нæ зондзæнæнцæ, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ дæр, æма нури раййевæ-баййевити доги евгъуд рæстæгути цаутæ æма æскъуæлхт адæймæгутæ уоййасæбæл цæстиварди ке нæбал æнцæ, сæ кой син, куд æнгъезуй, уотæ ке нæбал кæнунцæ…

Æма уæддæр ка адтæй Штыб? Аци æма æндæр фарстатæбæл, цæйбæрцæ гæнæн ес, уойбæрцæ æнхæстдæр дзуапп лæвæрд цæуй, мæнæ абони ци æрмæг мухур кæнæн, уомæй. Уой æ рæстæги ниффинста А.Аркадьев, мухургонд ба æрцудæй 1968 анзи журнал «Мах дуг»-и æхсæзæймаг киунуги.

* * *

Фæллойнæгæнæг адæми рохс исонибон æма амондбæл тох кæнунæн æ цард кæрæй-кæронмæ ка иснивонд кодта, еци рæстзæрдæ адæймæгути хузæн Семен Штыб дæр æхецæн равзурста еци зин, тæссаг, фал арфæйаг над. Æхуæдæг, хумæтæг косæг лæги фурт, æхебæл раги бавзурста раги паддзахи дзамани хъиамæтгун адæми мæгур царди уавæртæ, фудтохæнтæ, æфхуæрдтитæ æма гъезæмæрттæ. Ахурдзийнадæ райсун æй бæргæ фæндадтæй, фал уомæн ци равгитæ æма фадуæттæ гъудæй, уонæй уæддæр еу минкъий ести кæцæй архайдтайуонцæ – етæ æнæгъæнæй дæр гъæздугути, есбонгинти цæуæти бари адтæнцæ. Семени хузæнттæбæл, ефстæгтæй уæлдай, еци гæнæнтæ «нæ федудтонцæ» – айдагъдæр саугуст кæнун адтæй сæ ирисхъæ. Уомæ гæсгæ ба Семен дæр хуæрзæригонæй косунмæ бацудæй Таганроги æгтæгæнæн заводмæ.

Цард, дан, адæймагæн æ тæккæ хуæздæр ахургæнæг æма гъомбæлгæнæг æй. Æма Семен дæр, хумæтæг косæг уогæй, куд идарддæр, уотæ фæлтæрдгундæр кодта, берæ цидæртæ хуæздæр лæдæрун байдæдта. Райдайæни ахургæнуйнаг уогæй, фæлтæрдгундæр косгутæн агъазгæнæг адтæй, уæдта, куститæмæ ку фæддæснидæр æй, æ арæхстдзийнадæбæл ин æууæндун ку байдæдтонцæ, уæд æндæр, æцæг косæги ихæстæ æнхæст кæнун райдæдта. Зæрдæргъæвд, æнæзийнадæ, хуæрзконд лæхъуæн уайтæкки фæццудæй, ке фарсмæ куста, уони зæрдæмæ æма ин, ци зудтонцæ, сæхуæдтæ цæмæ арæхстæнцæ, уой цæстуарзонæй амудтонцæ, еудадзуг имæ сæ гъос дардтонцæ, ауодудтонцæ ибæл, сæхе си нецæмæй еуварс кодтонцæ. Цубур рæстæгмæ Семен цехи косгутæн æхе уотæ бауарзун кодта, æма син иссæй бустæги хеуон адæймаг, римæхсгæ си нецибал кодтонцæ. Æ рази æргомæй дзурдтонцæ се 'фхуæргути, сæ тогцъирти нихмæ, фæллойнæгæнæг лæги цард фæххуæздæр кæнунбæл æд тохæнгæрзтæ истох кæнун ке гъæуй, уой æма æндæр уæхæн дзубандитæ.

Уотемæйти бицæу хеуондæрæй-хеуондæр кодта, уæди гъезæмайраг цардарæзт революцион æгъдауæй раййевуни зундирахастбæл хуæст ка адтæй, еци косгутæн, арфæй-арфдæр цудæй еци гъуддаги.

Штыббæл æхсæрдæс анзи ку исæнхæст æй, уæд фиццаг дуйнеуон тугъд адтæй æ тæккæ тæмæни. Фæллойнæгæнæг дзилли цард кодта зинæй-зиндæр. Фронтæй хуарз хабарæй неци игъустæй. Уой хæццæ ба ма ахидæй-ахиддæр кодтонцæ, ка си фæммард æй, уони тухxæй игъосункæнуйнæгтæ, уæдта, цæфтæй æма си æрдæгуалитæй ка æздахтæй, етæ фулдæр-фулдæр кодтонцæ. Раст гъе уæд æхсæрдæсанздзуд Семен Штыб æхецæн бæлвурдæй ралух кодта, æ

Штыб дæр нæ фæссайдта се 'ууæнкæ. Æнæзæрдихудтæй, федарæй æнхæст кодта большевикон депутати ихæстæ.

Фал мæгур косæг адæмæн сæ цийнæ, гъулæггагæн, берæ нæ рахаста. Гъæздугутæ, бонгинтæ, сæ хъал цард сæ фарсæй кæмæн фæцæй, сæ къохæй кæмæн фæххаудтæй, етæ «ци гæнæн ма ес, ци куд æрцудæй, уотæ фæууæд», нæ загътонцæ. Сæ æзини лæггадæгæнгутæ, ихуæрститæ, сæ цомайи адæм царди идонитæ сæхемæ ке райстонцæ æма сæ сæрæй



цардвæндагбæл ин идарддæр ке хæццæ цæугæ 'й, уой æма ниллæудтæй большевикти рæнгъити.

Семен Штыб адтæй, цийфæнди гъуддаги дæр арф ка цудæй, фæстæмæ иннетæмæ фæккæсæ-фæккæсæ кæнун ка нæ уарзта, еци нифсгун æма гъæйтт-мардзæ адæймæгутæй. Ке кодта, уой – хузæнон. Ци дзурдта, уой – лæмбунæг ибæл расагъæс кæнгæй. Тæрсагæ, фæливд, налат æма ракæнæ-бакæнæгæнæг адæмæй уидта æ исæфт. Æргомзæрдæ, æргомдзурд, хæлар, æмбалбæл еузæрдиуон, æ загъдæн хецау, косæг лæги сæрбæл æ уод дæр ка раварддтайдæ, уæхæнæй æй базудтонцæ заводи æма ин устур аргъ кæнун райдæдтонцæ.

Уæдмæ райдæдта 1917 анзи феврали революци. Петербургæй æнæгъæнæ бæстæбæл райгъустæй адæмæн æмбесонди хабар: «Паддзахи рагæлстонцæ æ бæрзонд бадæнæй!..»

Кæми ма адтæй кæрон фæллойнæгæнæг дзилли цийнæн. Еци цийни уолæнтæ ивулдæнцæ æнæгъæнæ Уæрæсебæл. Исхъæрттæнцæ, Семен ци заводи куста, уордæмæ дæр. Адæм бавналдтонцæ сæ цардæн нæуæг, зæрдæмæдзæугæдæр æгъдæуттæ æвæрунмæ. Æма Таганроги æгтæгæнæн заводи косгутæ дæр Советмæ сæ минæвæрттæ ку æвзурстонцæ, уæд тæккæ фиццагдæр загътонцæ Семен Митрофани фурт Штыби ном. Е адтæй косæг адæми устур æууæнки æвдесæн – сæ зини дæр æма сæ цийни дæр æмхузон æновуд сæбæл ка адтæй, уæдта – зудтонцæ 'й, – ка уодзæнæй, сæ уæхæн еузæрдиуон хъæболæ ке æй, е си федарæй æруагæс кодта. Æма син

унаффæгæнгутæй ке 'рбадтæнцæ, уобæл æнцонтæй нæ арази кодтонцæ. Сæ ес, сæ бес си неке бафæндадтæй «бæгъæнгæзæнгитæ» æма «басиакти» пайдайæн рауæлдай кæнун. Медбæсти сау тухтæ исæмдзæхдон æнцæ æндæр бæстити хецауеуæггæнгути хæццæ æма уони тугъдон агъазæй æд тохæнгæрзтæ архайун байдæдтонцæ революций нихмæ. Ци адтæнцæ, уомæй æмхузонæй дæр ниллæудтæнцæ революци нихxорх кæнунбæл.

Æнæгъæнæ бæсти фæллойнæгæнæг дзиллитæ большевикти, косæг адæми æцæг сæрбæлдзоргути фæдздзурдмæ гæсгæ исистадæнцæ, уойасæбæл берæ кæмæ фæббæлдтæнцæ æма сæ къохи уотæ зинтæй ка бафтудæй, еци бартæ æндагон æма медбæстаг знæгтæй багъæуай кæнунбæл тохмæ. Бæсти райеудагъ æй медтугъд.

Еци зин æма тæссаг дзаманти Семен Штыб дæр еугурадæмон гъуддагæн æ тæмæни адтæй, ци уæззау над равзурста æ карнæн, уомæй еу ампъез дæр æхе нæ райста æхе еуварс.

… 1918 анз. Дон, Кубань, Астрахань æма Уæрæсей иннæ хонсар районти будуртæ сау радардтонцæ уорс инæлартæ Деникин, Краснов æма Каледини бæхгин æма фестæг æфсæдтæй. Петербургæй, Мæскуйæй æма Уæрæсей иннæ революцион рауæнтæй хонсармæ ка фæллигъдæй, еци реакцион тухтæ, афицертæ æртумбул æнцæ паддзахади аци кæройнаг гъæздуг æма паддзахбæл еузæрдиуон хъазахъæй едзаг бæстити. Сæ зæрди адтæй еци бæркадгин зæнхитæ æнæгъæнæй дæр байсун æма уотемæй æригон Советон республикæй хорхауиндзæнтæмæ – Мæскумæ æма иннæ сæребарæ сахартæмæ ардигæй балæборун.

Байеудагъ æнцæ тогкалæн тугъдтитæ еци контрреволюцион тухти нихмæ. Семен Штыб æрлæудтæй сæ заводи сурхгвардионти къуари сæргъи æма æвæстеуатæй рараст æй, фæстæмæ бабæй сæбæл цагъайраги æфсойнæ бакæнунмæ ка гъавта, уони нихмæ тохмæ.

Берæ æхсаргин гъуддæгутæй фескъуæлхтæй æригон командир еци лæгæвзарæн рæстæг. Æ бæгъатæрдзийнади кой уайтæккидæр райгъустæй æнæгъæнæ фронтбæл. Бахъæрттæй сауæнгæ номдзуд советон æфсæддон балхон К.Е. Ворошиловмæ дæр.

Еуæхæни командæгæнæг æрбафтудæй, Семен Штыб кæми тох кодта, еци тугъдон хаймæ. Байамудтонцæ ин æригон бæгъатæр командири. Климент Ефремi фурт ин æ къох райста, бадес кодта:

– Мадта е ду дæ Штыб? Хуæрзæригон лæхъуæн… Æз ба дæ устур, гуппурсар лæг æнгъæл адтæн мæ меднимæри... Цал анзи дæбæл цæуй?

– Нæудæс.

Къамандæгæнæг фæммæтъæлхуз æй, зинна-нæзинна æ сæр батилдта, гъигæзæрдæй исдзурдта:

– Дæ карæнтæ партити уæлгъос гъæуама бадонцæ, бæргæ, фал гъа… Гъæйдæ, неци кæнуй, æмбал Штыб, мæнæ знаги ниппурх кæндзинан æма уæд, де 'мгæртти хæццæ еугуръæйдæр – ахурмæ. Нур ба бал… Тох кæнунмæ. Гæнæн нæййес. Нæ сæребарæ цард æнцонтæй нæбал ратдзинан знагæн, уотæ нæй, æмбал Штыб?

– Уотæ, æмбал командæгæнæг. Кенæ сæребарæ, кенæ мæлæт!..

– Гъе, гье… Арфиаг ди дæн дæ зæрди кондæй. Иннетæмæ дæр уæхæн зундирахаст ес. Адæм уорсгвардионтæй се 'сæфт фæууидтонцæ æма уæйгути хузæн гъæддухæй тох кæнунцæ!..

Æ рандæуни размæ К.Е. Ворошилов æ къарæ исиста æфсæддон хаййи сæрæндæр тугъдон фæсевæди хæццæ æма уонæй еу адтæй Семен Штыб дæр. Еци къарæ нерæнгæ дæр ма, æнгъæлдæн, æй Цæгат Иристони паддзахадон архиви.

Медтугъд карзæй-карздæр кодта. Дуйней фиццаг социалистон паддзахадæ, косгути æма зæнхкосгути унаффæ цæун кæми байдæдта, еци бæстæ сæ цæсти синдзæ фестадæй айдагъ хе бæсти раздæри хецауеуæггæнæг, æлдареуæггæнгутæн нæ, фал иннæ паддзахæдти мулкгинтæн дæр. Фæстауæрцæ нецæбæл кодтонцæ, æгириддæр нецæбæл аурстонцæ фæсарæйнаг капиталисттæ. Æхцайæй, тохæндзаумауæй, æфсæддон уæледарæс æма къахидарæсæй, тохæн æрмæгæй, – æма цæмæй ба нæ агъаз кодтонцæ Уæрæсей контрреволюцийæн! Сауæнгæ ма сæхе æфсæдти дæр ма ардæмæ æрветун байдæдтонцæ…

Фал æргом знаг æргом знаг æй. Уинис æй æма зонис, ци кæнгæ ин æй, уой. Сосæг знаг ба? Уой нихмæ тох кæнун ба зиндæр æй. Уомæ алке нæ арæхсуй. Контрреволюци ба айдагъ æргомæй нæ рацудæй æригон Советон бæсти нихмæ. Исахид кодта æ сосæг ихалуни куст дæр. Гъудæй сæрмагонд мадзæлттæ, сæрмагонд оргæнтæ. Æма еци куст нæ бæсти райдæдта, сæрмагонд къамис нæмæ ке худтонцæ, е – Чрезвычайная Комиссия. Гъудæй имæ арæхстгин, федарзæрдæ косгутæ.

***Уодзæнæй ма.***

**Феврали мæйи нисангонд бæрæгбæнттæй еу æй киунугутæ лæвар кæнуни Æхсæнадæмон бон. Бæрæггонд цæудзæнæй14 феврали. Цума цæйбæрцæбæл берæ уодзæнæнцæ, еци бон кæрæдземæн киунугутæ ка балæвар кæндзæнæй, уони нимæдзæ?..**

*КУЛИЕВ Кайсын (1917-1985) Кæсæг-Балхъари адæмон поэт: «Адæмæн мугагмæ уæддæр еунæг æмбесонд ка ниууагъта, еци зæнхи-кустгæнæг! Куд дæмæ хицæ кæнун абони! Ду адтæ æцæг поэт. Дæу туххæй æз дзорун æнæндиудæй æма табу кæнгæй. Дæу дзурд – æносонцъæх бæласæ, е мин еудадзуг лæвар кæнуй æ ауони сатæг.*

# ЦИ ДОР ДÆ ГЪÆУА, Е ДÆМÆ ИСЕСУНМÆ УÆЗЗАУ МА КÆСÆД!..



## АЦИ ФУРТ МИНКЪИЙ АЦÆМÆЗ ÆМА ÆНЗОРАЙ ФУРТ

Æнзорай фурт хуарз лæг адтæй, æма ин æртæ кизги адтæй. Æртæ кизгемæн æ тургъи медæгæ тумбул дорæй адтæй мæсуг. Гъе ма тумбул дортæбæл сæ баслæхъти иссæуиуонцæ æма къæразгæбæл бахезиуонцæ, æндæр имæ дуар нæ адтæй. Æма син уæхæн айдæнæ адтæй, æма, зæнхæ цидæр æма кæмидæр адтæй, уони си уидтонцæ. Корæг сæ адтæй аллирдигæй, æма си лæгмæ неке кумдта: нæхуæдтæ нæхецæн иссердзинан, зæгъæ, æма мæсуги бадтæнцæ.

Еу бон ку адтæй, уæд æмбесбон иссæй, æма Æнзорай фуртæн æ зæрди æрифтудæй, цауæни ку фæццæуинæ, зæгъæ, ести ку рамаринæ æхсæвæрæн. Уæллæй имæ кизгуттæ кастæнцæ æма ибæл сæ гъæлæсидзаг ниххæл-хæл кодтонцæ. Лæг ка 'дтæй, уомæ гъигæ фæккастæй е, æма загъта:

«Æ, уалæ гаццатæ! Æз абони уалæнгæ ходуйнаг ку нæ адтæн, уæд мæбæл сумах куд ходетæ?»

Фæххилæ кодта, уæдта сæмæ нецибал исдзурдта æма фæццудæй. Цæун байдæдта, æма ин еу рауæн фæлгæсæн туппур адтæй, æма уой сæрмæ исхизтæй. Кæсæнцæститæ исласта, ракастæй æма будури астæу еу сау æндæрг рауидта. Кæсун имæ байдæдта æма дес кæнуй, нури уалæнгæ еци будури ку некæд неци адтæй, уæд е циуавæр æй, зæгъгæ, Хуцау мин фонс æрхаста дууæ изæрей астæу!

Кæсун имæ байдæдта, æма æ бæх тæрхъоси асæ, æхуæдæгка бицциуи асæ, уæхæн иссæуй æма имæ исхъæрттæй, райарфæ ин кодта, дæ бон хуарз, зæгъгæ, æма фæццæуй.

Е дæр имæ дзоруй:

– Раздæхæ фæстæмæ!

Е ба загъта:

– Æхсицгæ гъуддаг мæ ес, æма дæ кæд нецæмæн гъæун, уæд мæ ма 'здахæ!

Е дæр бæхбæл æхе багæлста, ба имæ хæццæ 'й æма имæ дзоруй:

– Æрдавæ де 'донæ!

– Ци кæнис ме 'донæй?

– Хуцау дæ мæнæн фонсæн равардта.

Загъта е дæр:

– Бицлеу ку дæн, ду ба зæронд лæг ку дæ, æма мæ ку бафхуæрай, уæд дин ходуйнаг нæ уодзæнæй?

Е ба ин загъта:

– Мæнæ мæ фæсабæрцæмæ æрбахезæ, де 'фхуæрдтитæ æма æндæрти сагъæс ма кæнæ, ма дæ кумæ гъæуа, уордæмæ бахъæртун кæндзæнæн.

Нæбал имæ фæккастæй, æма тæрхъоси асæ бæх дзоргъагæнгæ фæццæуй. Е дæр æ бæх ниццæфтæ кодта æма 'й фæстеггæй иссурдта, æма 'й бæхæй искъуæрдта, æма тæрхъоси асæ бæх æ дзоргъа дæр нæ ниууагъта. Никкидæр Æнзорай фурт æ бæхи ниххæфтитæ кодта; еуæрдигæй дæр, иннердигæй дæр имæ æхе батæруй, æма ин змæлгæ дæр нæ кæнуй.

Зæгъуй ин:

– Ци кæнис, лæхъуæн ку дæн, æма мæ цæмæн æфхуæрис? Ку не 'змалдæй, уæд имæ æркастæй, æма 'й ку нæбал уагъта Æнзорай фурт, уæд æй тæрхъоси асæ бæхæй искъуæрдта æма 'й бæхæй рагæлста, æхуæдæг ба 'й æхси дудагъæй нилхъивта, æнæ къохæй бавналгæ æма æнæ бæхæй æрхезгæ. Уæд æ ходæ фелваста æма ин ковун байдæдта:

– Æз, цидæр изæд дæ, цидæр идауæг, дæ мадæ, дæ фиди иуазæг!

Æма е дæр е 'хсæ систа:

– Изæд дæр нæ дæн, идауæг дæр нæ дæн, мæгур лæг дæн, æма мæ мæ надбæл цæун цæмæннæ уадзис?

Фæуугъта 'й æма фæццæуй. Æнзорай фурт фестадæй æма сагъæс кæнуй:

– Нур мæ мæ фудбони кизгуттæ уинунцæ, æма син ци зæгъдзæнæн? Ка мæ бафхуардта, уой ку нæ зонун!

Æма æ фæсте уайун байдæдта æма имæ дзоруй:

– Фæллæууæ еу минкъий!

Е дæр имæ дзоруй:

– Ку нæ мæ евдæлуй, тагъд ку кæнун, æма мæ мæ цæмæннæ рауадзис?

Е ба имæ дзурдта:

– Корун ди, айдагъ дууæ дзурдемæ мæмæ фæллæууæ!

Исæйæйиафта æма имæ дзоруй:

– Кæмæй дæ, кумæ цæуис? Ци 'хсицгæ гъуддаг кæнис, уой мин зæгъæ!

Е ба ин загъта:

– Æз дæн Аци фурт минкъий Ацæмæз. Мæ гъуддаг ба 'й: цæун Æнзорати минкъий Æнзорæн æртæ кизги сæркка-ги бадунцæ, æма мæнмæ уонæй кæд еске фæрраззæнгард уидæ.

Загъта Æнзорай фурт:

– Дæ амонд дин æдта Хуцау хуарз искæнæд!

Æхе фæййеуварс кодта æма уайун байдæдта Æнзорати минкъий Æнзор æма уомæй æхе фæрраздæр кодта сæхемæ. Нихъхъæрттæй æма, ку фæммедæг æй, уæд æ сæр ниллæгдæр, е 'онтæ бæрзонддæр, уотемæй имæ сæрккагæй æ кизгуттæ ракастæнцæ. Дзурдтонцæ имæ:

– Ку дин загътан, нур ба дæу ка бафхуардта, уой мах дæр æрийийафдзинан, æма ибæл хъурмæ кæнæ!

Е дæр бацудæй медæмæ. Уалинги исхъæрттæй Аци фурт минкъий Ацæмæз дæр; бæхбæттæнбæл æ бæх бæбаста; цалдæн иуазæгдонмæ цудæй, уалдæн æ фæсте кæсунцæ кизгуттæ æма ибæл нивтæ ракарстонцæ, дарæсæн ци гъудæй, уобæл. Æхсæвæй хуарз исиуазæг кодта Æнзорати Æнзор, æндæмæ ба имæ нæ рацудæй. Кизгуттæй дæр алке æ дарæс æ къахæй æ къохмæ рацæттæ кодта. Ку фæббон æй сæумæ, уæд ин сæ æрæрвистонцæ æма ин загътонцæ, гъе, уонæй дæ аккаг ка 'й, е дæу фæууæд, иннети ба фæстæмæ исæрветæ, зæгъгæ.

Равзурста сæ, æма хестæри дзаумæуттæ, æхецæн куд дзæбæх, уотæ разиндтæнцæ; иннети ба фæстæмæ рарвиста. Æрæрвистонцæ имæ:

– Ирæдæн нин ци унаффæ кæнис? Ирæди унаффæ нæхуæдтæ кæнæн; кæд дæ нифс хæссис, уæд арази ан; дæ нифс ку нæ хæссай, уæдта дæ хæдзарæ агорæ!

Рарвистонцæ имæ:

– Нæ фиди æфхуæрдæн нин фиццагдæр мин соми куд бафедай, не 'руæдæн ба сæдæ саги.

Исарази 'й. Æнгъуд ин искодтонцæ. Еци сахат æ дзиппæй исиста мин соми, уæдта фæццудæй æма сæдæ саги æртардта æма син сæ сæ тургъи баскъардта. Æнгъуд ин равардтонцæ, æнгъуди бонмæ куд иссæуай æма дæ биййонтæ куд фæххонай, зæгъгæ, уобæл.

Аци фурт минкъий Ацæмæзбæл нарти адæм тæрхæнттæ кæнун байдæдтонцæ:

– Аци фурт цауæни рандæй æма некæмибал зиннуй, æма имæ агорунмæ цæун гъæуй!

Уотæ куд дзурдтонцæ, уотæ ба Ацæмæз нихъхъæрттæй æма нарти адæмæн арфæ ку ракæнинæ, зæгъгæ, æма сæмæ фездахтæй. Уе 'зæр хуарз, нарти хестæр адæм, зæгъгæ, син разагъта. Етæ дæр ин:

– Æгас нæмæ цо! Мах ба дин уосæ корун унаффæ ку кодтан æма дæмæ агорунмæ дæр цæунмæ ку гъавтан.

Е ба син загъта:

– Киндзхонæй мæ уæ хуарзæнхæ фæууæд! Иннæ абони дзурд бафтудтон, æма мæ уæ хуарзæнхæ уæд!

Иннæ аци афонн фæццудæнцæ нарти адæм æма ин киндзæ æрхудтонцæ.

*Аци таурæхъ Губади ниффинста Мудойти Сабейæй*

## ГÆЗЗАЙ АВД СÆГЪИ ÆМА БЕРÆГЪ

Цардæй мæгур лæг. Хундтæй Гæзза. Адтæй имæ авд сæгъи, æндæр нецæй хецау адтæй; сæ еу адтæй еухъæстон, иннæ ба – духъæстон, æртиккаг – æртихъæстон, цуппæрæймаг – цуппархъæстон, фæндзæймаг – фæндзхъæстон, æхсæзæймаг – æхсæзхъæстон, æвдæймаг – æвдхъæстон.

Хезунмæ сæ раскъæрдтайдæ, æмбесбон иссайдæ, еци афони.

Уæд еухъæстон бафсастæй æма духъæстонмæ дзоруй:

– Цæуæн, кæд бафсастæ, уæд нæхемæ, – зæгъгæ.

Духъæстон ба имæ дзоруй:

– Фæллæууæ мæмæ, мæ еу хъæстæ нæма бафсастæй.

Еухъæстон имæ дзоруй:

– Мадта æз цæугæ кæнун, – зæгъгæ, æма рацудæй.

Уæд ибæл надбæл берæгъ рамбалдæй æма имæ дзоруй:

– Ке сæгъæ дæ?

Сæгъæ ба имæ дзоруй:

– Гæззай сæгъæ.

Дæ сæрбæл етæ цæмæн æнцæ, зæгъгæ, æ сиутæмæ ин амонуй.

Сæгъæ имæ дзоруй:

– Етæ ба ку багъæуонцæ, уæд Гæззайæн сагойни сугтæ.

– Дæ сагæхти етæ ба ци 'нцæ,– зæгъгæ, æ фæздонæмæ ин амонуй.

Сæгъæ имæ дзоруй:

– Етæ ба мæ дæркъæн хъохъо дзедзетæ.

Уотемæй имæ берæгъ фæллæбурдта æма райахæста сæгъи, æма 'й бахуардта.

Берæгъ исбадтæй надбæл æма гъæуай кæнуй. Уæд духъæстон сæгъæ дæр бафсастæй æма æртихъæстонмæ дзоруй:

– Цæуæн.

Æртихъæстон имæ дзоруй:

– Минкъий ма бахезæ, мæ еу хъæстæ нæма байдзаг æй.

Духъæстон имæ дзоруй:

– Мадта дæ нæбал хезун, цæугæ кæнун.

Фæццæуй надбæл, æма ибæл берæгъ рамбалдæй уобæл дæр.

Берæгъ уой дæр фæрсуй:

– Ке сæгъæ дæ?

– Гæззай сæгъæ дæн,– загъта е дæр.

Уой дæр фæрсуй:

– Дæ сæрбæл етæ ци 'нцæ?

– Гæззайæн сагойни сугтæ.

– Дæ сагæхти етæ ба дин ци 'нцæ?

– Етæ ба мæ дæркъæн хъохъо дзедзетæ.

Берæгъ бацийнæ кодта, загъта, а дæр мин хуæргæй, зæгъгæ, фæллæбурдта æма 'й райахæста, бахуардта уой дæр.

Уæд æртихъæстон дæр бафсастæй æма цуппархъæстонмæ дзоруй:

– Цæуæн.

Цуппархъæстон имæ дзоруй:

– Еу минкъий мæмæ фæккæсæ, мæ еу хъæстæ æнхæст нæма райдзаг æй.

Уотемæй æртихъæстон сæгъæ фæццæуй сæргубурæй. Æфсес берæгъ æхе рауагъта æма æ гъос даруй, кæд ма надбæл еске иссæуидæ, зæгъгæ. Æ сæр раргъувта æма ниууидта, дæлæ сæгъæ иссæуй надбæл. Берæгъ загъта:

– Дæлæ бабæй еу сæгъæ иссæуй. Аци бон мæ бон хуарз æй, – зæгъгæ,– Хуцау мин равардта!



*Ду дæ мæ развæд æма ахургæнæг. Æз дæ уинун готони кенæ æргъауи разæй цæугæй, стъалугин æхсæви азæлгæ коми дæ догъонбæл уайгæй, гъуна дорбæл бадгæй, доргин нæдтæбæл æхе ка æруагъта, еци изæрдалингтæмæ æма хуæнхон къæдзæхтæбæл цъæх-цъæхид меттæмæ кæсгæй. Гъе уотемæй дæ сæризунди игурдæнцæ базургин дзурдтæ...»*



Уотемæй имæ исхъæрттæй æртихъæстон сæгъæ, æма имæ берæгъ дзоруй:

– Ке сæгъæ дæ?

Æртихъæстон имæ дзоруй:

– Гæззай сæгъæ!

– Дæ сæрбæл етæ ци ’нцæ? – фæрсуй уой дæр.

Е дæр ин загъта:

– Етæ ба Гæззайæн сагойни сугтæ!

– Дæ сагæхти етæ ба ци ’нцæ? – загъта берæгъ.

– Етæ ба мæ дæркъæн хъохъо дзедзетæ!

Уотемæй имæ берæгъ уомæ дæр фæллæбурдта æма ’й райахæста, а дæр бабæй мин хуæруйнаг æй, зæгъгæ, аци бон цæуй мæ гъуддаг, – загъта берæгъ æхецæн æма уой дæр бахуардта.

Берæгъ ниттуппур æй хуæрдæй æма æхе равдолæ-бавдолæ кæнун райдæдта, уотемæй æхе æрлагъз кодта.

Уалдæнмæ цуппархъæстон сæгъæ дæр бафсастæй æма фæндзхъæстонмæ дзоруй:

– Цæуæн, фæндзхъæстон, нæхемæ, айфонгæмæ не ’мбæлттæ нæхемæ уолæфунцæ.

Фæндзхъæстон имæ дзоруй:

– Мæ еу хъæстæ нæма байдзаг æй, бахезæ мæ, уæдта еумæ цæудзинан.

Уæд имæ цуппархъæстон дзоруй:

– Мадта æз цæугæ кæнун!

Уотемæй рацудæй цуппархъæстон сæгъæ дæр. Берæгъ е ’ссудмæ хуссуй, æфсесæй.

Сæгъæ имæ ку исхъæрттæй, уæд берæгъ къахгъæрмæ æ сæр фергъувта æма загъта:

– Мæнæ бабæй мин Хуцау равардта, еу сæгъæ бабæй иссудæй.

Уотемæй æй фæрсуй берæгъ:

– Ке сæгъæ дæ?

Æма имæ е дæр дзоруй:

– Гæззай.

– Дæ сæрбæл етæ ба ци ’нцæ?

– Етæ ба Гæззайæн сагойни сугтæ.

– Дæ сагæхти етæ ба ци ’нцæ?

– Уонæми ба хæссун мæ дæркъæн æхсир.

Берæгъ сæгъæмæ фæллæбурдта, райахæста ’й æма уой дæр бахуардта.

Уæд фæндзхъæстон сæгъæ бафсастæй æма дзоруй æхсæзхъæстонмæ:

– Цæуæн! Нур нин афонæ ’й нæхемæ. Бон дæр æризæр æй.

Æхсæзхъæстон имæ дзоруй:

– Минкъий ма бахезæ, мæ еу хъæсти ма минкъий гъæуй.

Уæд имæ фæндзхъæстон дзоруй:

– Мадта дæ нæбал хезун, æз цæугæ кæнун.

Уотемæй фæндзхъæстон сæгъæ ранæхстæр æй сæхемæ. Æфсес берæгъ рагъæуай кодта надбæл дæлæмæ, еске ма иссæуй, кенæ ба рандæ уон, зæгъгæ.

Уотемæй ба берæгъ сæгъи ниуудта, фæндзхъæстон сæгъи æма загъта:

– Дæлæ бабæй мин Хуцау равардта! Бахезон ма уой дæр. Æфсæдгæ бæргæ бакодтон, фал æй куд ниууадзон сæгъи æнæ бахуæргæ? Сæгъæ байзайуни бæсти мæхуæдæг ку фæррессон, уæд хуæздæр.

Уотемæй имæ сæгъæ исхъæрттæй, æма ’й берæгъ фæрсуй:

– Ке сæгъæ дæ?

Сæгъæ имæ дзоруй:

– Гæззай сæгъæ.

– Гæзза ба куд лæг æй? – фæрсуй берæгъ.

– Гæзза мæгур лæг æй, æхецæн косуй, – загъта ин сæгъæ.

Уæд берæгъ тæрсун байдæдта, Гæзза ку рацæуа, зæгъгæ, ма гъæуай кæнуй гъæуи ’рдæмæ, ку мæ рамара, зæгъгæ.

Уотемæй æй фæрсуй сæгъи:

– Дæ сæрбæл етæ ци ’нцæ?

– Етæ Гæззайæн сагойни сугтæ,– загъта ин сæгъæ.

– Дæ сагæхти етæ ба ци ’нцæ? – зæгъгæ ’й, фæрсуй.

– Етæ ба берæгъмарæн тугул дортæ.

Мадта дин æз байамондзæнæн, зæгъгæ, æма ’й бахуардта фæндзхъæстон сæгъи дæр.

Æхсæзхъæстон сæгъæ дæр бафсастæй æма дзоруй æвдхъæстон сæгъæмæ:

– Цæуæн, æризæр æй, нæхемæ. Еунæгæй ами байзайдзæнæ, æз ку рандæ уон, уæд.

Уæд имæ æвдхъæстон сæгъæ дзоруй:

– Минкъий ма мæ бахезæ, мæ еу хъæстæ нæма райдзаг æй, уæдта еумæ цæудзинан.

Æхсæзхъæстон имæ дзоруй:

– Сабургай цæудзæнæн, æма мæ раййафæ!

Æхсæзхъæстон сæгъæ сабургай фæццæуй, фал æвдхъæстон ба ма хезгæ-хезгæ рафæстеуат æй.

Уотемæй æхсæзхъæстон сæгъæ берæгъмæ исхъæрттæй, æма берæгъ сагъæси бацудæй:

– Нур æй æвгæрдгæ ракæндзæнæн, фал ку бафсастæн.

Уæд берæгъ расагъæс кодта æхе медзæрдæ æма загъта:

– Цæй, равгæрдон ’й æма ке бахуæрон, иннæ ба исонмæ дæр байзайæд.

Нур бон дæр æризæр æй. Равгарста сæгъи. Ке бахуардта, иннæ ба байзадæй уоми, берæгъ æхуæдæгка æ фурæфсесæй уоми æхе рауагъта æма æхе меднимæр сагъæс кæнуй:

– Аци æфсесæй нæхемæ фæццæун мин зин уодзæнæй, фал ами бал бауолæфон, ку æрлагъздæр уон, уæдта рандæ уодзæнæн, зæгъгæ.

Уалдæнмæ æвдхъæстон сæгъæ дæр иссæуй. Берæгъи æнгæсти фæцæй, æма берæгъ уотæ зæгъуй:

– Дæлæ еума сæгъæ дæр иссæуй, зæгъгæ. – Нур ма уомæн ба ци кæндзæнæн? Цæй, – зæгъуй,– æвгæрдгæ ’й ракæндзæнæн, кенæ ба рандæ уодзæнæй, сæумæ ба ’й бахуардзæнæн, мæнæ иннæ сæгъæй ци байзадæй, уой хæццæ.

Уæд имæ исхъæрттæй сæгъæ, æма ’й берæгъ фæрсуй:

– Ке сæгъæ дæ?

Сæгъæ ба имæ дзоруй:

– Гæззай сæгъæ дæн.

– Гæзза ба куд лæг æй? – фæрсуй берæгъ.

– Гæзза цауæйнон мæгур лæг æй, берæгътæ ка маруй, уæхæн.

– Дæ сæрбæл етæ ба ци ’нцæ?

Æвдхъæстон сæгъæ имæ дзоруй:

– Етæ ба берæгъмарæн æфсæйнаг лæдзгутæ.

– А-а, – бакодта берæгъ, – мæ гъуддаг цæуй, зæгъгæ, ледзунвæндæ искодта, сæгъæ дæр нæбал бахуардта, уотемæй берæгъ туххæй еу минкъий фæснад бацудæй, уæдта нихъхъан æй туппурæй.

Æвдхъæстон сæгъæ фæццæуй æма иннæ сæгъти хуæрæнтæ ку фæууидта, уæд загъта:

– А-а, хуарз нин ку бакуста! Ме ’мбæлтти мин еугурæй дæр ку бахуардта!

Уотемæй æвдхъæстон сæгъæ æхемæ цæун байдæдта æма изæрдалингти сæхемæ исхъæрттæй, æма ’й Гæзза фæрсуй:

– Ци æрæгæмæ адтæ? Де ’мбæлттæ ба кæми ’нцæ?

Сæгъæ имæ дзоруй:

– Ме ’мбæлтти мин берæгъ бахуардта, æз ма исервазтæн

Гæзза ’й фæрсуй:

– Куд, ци, кæци рауæн, кæци надбæл? – зæгъгæ, æма ин сæгъæ дæр байамудта.

Гæзза топп æрбаскъафта æма уайун байдæдта. Берæгъ хæрдмæ гъæуай кæнуй, нихъхъан æй, уотемæй. Гæзза дæр сæгъи амундмæ гæсгæ ку ниххæстæг æй, уæд гъæуай кæнун байдæдта, ами ескæми уодзæнæй, зæгъгæ.

Уæд берæгъ уасуй, æма имæ Гæзза хæстæг кæнун ку байдæдта, уæд туппур берæгъ ледзун æвзаруй, фал ин нæбал æнтæсуй.

Уалдæнмæ ’й Гæзза ниууидта берæгъи æма ’й сорун байдæдта. Ци æййафун æй гъудæй берæгъи?! Уайтæккидæр æй ниййафта æма ’й уоми топпæй ниццавта, рамардта ’й, уотемæй Гæзза сæхемæ æриздахтæй.

Гæззайæн ма байзадæй еунæг æвдхъæстон сæгъæ æма авд дæркъи.

Уотемæй цæргæ байзадæй Гæзза абони уалæнгæ дæр.

*Аци аргъау Губади ниффинста Туати Батразæй 1942 анзи.*

## АРС, БЕРÆГЪ ÆМА РОБАС

Робас, берæгъ ама арс æмбæлттæ адтæнцæ. Адтæй сæмæ цуппар дзоли. Цуппар дзолемæй сæбæл æртæ æнтæстæй, еу ба ма сæ астæу уæлдай адтæй, æма загътонцæ:

– Нур аци дзолæн ци кæнæн?

Арс, куд хъаурæгиндæр унаффæгæнæг, уомæ гæсгæ загъта:

– Фæйнæ дзоли нæбæл æнтæсуй, цуппæрæймаг дзол ба, ка дессагдæр фун фæууина, уой фæууæд!

Исарази ’нцæ уобæл. Ниххустæнцæ æхсæвæ, сæумæ фестадæнцæ.

– Гъæйдæ, ка уи ци фун фæууидта? – фæрсуй арс.

– Зæгъæ ду, нæ хестæр, дæхуæдæг, ци фæууидтай? – фæрсунцæ арси.

Арс загъта:

– Æз æдосæ бафтудтæн муди бæтмæнтти астæу æма си, ка куд устурдæр адтæй, уотæ, еуæ-мардзæ, хуæрун байдæдтон, гъе ма нур ба фурæфсесæй мæлун.

– Гъæйдæ, берæгъ, ду ба ци фæууидтай? – зæгъгæ ’й фæрсунцæ.

Берæгъ загъта:

– Уæлити астæу бафтудтæн, гъема еуæрдæмæ фæгъгъазинæ æма син сæ дунгутæ æскъунгæ æма хуæргæ рацæуинæ, уæдта иннердæмæ, гъе ма мæ фурæфсесæй мæлун æз дæр.

– Гъæйдæ, робас, ду ба ци фæууидтай?

Æз ба ци фæууидтон, – загъта робас. – Сумахмæ кастæн æма уи ка муд хуардта, ка ба уи уæри думæг хуардта, гъе ма мæ уæдта хуссæг нæбал ниййахæста æма цуппæрæймаг дзол бахуардтон.

Арс загъта:

– Аннæ æртæ дзоли ка ’й, уонæн дæр уотемæй хуæрæн нæбал ес.

Берæгъ æма ’й робас фæрсунцæ:

– Мадта сæ кутемæй хуæрæн?

– Мадта æрдзорæн, ка кутемæй исрасуг уй, уой, уæдта куд тагъддæр исрасуг уй, уой дзубанди дæр æркæнæн, æма æртæ дзоли дæр уой куд уонцæ, уотæ.

Дзорунцæ арсмæ:

– Æрдзорæ, нæ хестæр, ду фиццагдæр.

Арс загъта:

– Ку нинтаунцæ арахъаг æма хæрдмæ æнгъезæнæй æнбохъулатæ ку райдайуй, гъе уæд мæ сæри цæун байдайуй æ тухæ, гъема уæд расуг кæнун райдайун.

– Гъæйдæ берæгъ, зæгъгæ, нур ба ду, – загътонцæ берæгъæн.

– Ку ’й байвæрунцæ артбæл арахъ уадзунмæ, уæд æндæмæ хæтæли хурфæй тулфæ цæун нæ райдайуй, гъе уæд мæ сæри цæун райдайуй, гъосинмæ уайун ку райдайуй, гъе уæдта исрасуг ун.

Уæд робас нецибал загъта, уотемæй фестадæй æ медбунат æма дзойдзой кæнун байдæдта æма, гупп, зæгъгæ, рахъан æй сæ астæу.

Нииййибæл калдæнцæ е ’мбæлттæ:

– Ци кæнис, ци робас?

Æ хъури ин дон уадзун райдæдтонцæ, дæргъцæ, замана ибæл рацудæй, æрæги-дурæги ба æрискъидтæй, æма ’й фæрсунцæ:

– Ци кодтай, ци?

Æма син загъта:

– Сумах расуги койтæмæ фæррасуг дæн.

Уоййадæбæл æртæ дзоли дæр робаси бацæнцæ.



**Аци мæйи цæмæдессаг бæрæгбæнттæй: 14 феврали бæрæггонд цæуй минкъий фæлхатæнти Бон (цо æма сæ базонæ, циуавæр æнцæ еци фæлхатæнтæ), 15 феврали ба – амондæн æлхийнитæ бæттуни Бон (бæргæ, амонд еци æлхийнитæй аразгæ ку уидæ).**

*Академик Н.П. Бочкови номбæл медицинон-генетикон наукон Центри раздзæуæг специалисттæ Цæгат Иристони цæргутæмæ фидтæлтæй сæмæ æрбафтуйæг аллихузон незтæй ка сæйуй, уонæн аци бæнтти аразунцæ консультацион фембæлдтитæ. Еци фембæлдтити хатдзæгтæмæ гæсгæ алли сæйгæн дæр иснисан кæндзæнæнцæ дзæбæхгæнæн мадзæлттæ.*

# УАДЗÆ ÆМА НÆ КÆСТÆРТÆ ÆНÆНЕЗ УОНЦÆ!..

Гриппæй алли кари адæм дæр фæссæйгæ унцæ, уæлдай ахиддæр ба – сувæллæнттæ. Аци нез син æй тæссаг, уомæн æма расайуй уæззау фæстеугутæ. Уомæ гæсгæ гриппæй фæссæйгæ унмæ, уæдта си дзæбæх кæнунмæ кудфæндий цæстæй кæсæн нæййес, æма алли нийерæг дæр гъæуама зона гриппæй исдзæбæх кæнуни æма не 'руадзуни мадзæлттæ.

Фиццагидæр, гъæуй лæдæрун, гриппæй адæймаг сæйгæ кæнуй, æнæ ходæй уазалмæ ке рацудæй кенæ ба æ къæхтæ ке ницъцъифæ кодта, уой туххæй нæ, – уæд исуазал уй. Фал, раст зæгъун гъæуй, æхе ку исуазал кæнуй, уæд ин гриппæй фæссæйгæ ун дæр исуй тæссагдæр, уомæн æма листæг тогдадзинттæ уазали æлхинцъитæ кæнун байдайунцæ, е ба лæгъузæрдæмæ ахедуй иммунитетбæл, кæнуй æй лæмæгъ.

Грипп расайæг æй вирус, хъæбæр тагъд ка хæлеу кæнуй æма æ хузтæ раййевæ-баййевæ кæмæн кæнунцæ, уæхæн. Алли анз дæр фæззиннуй гриппи нæуæг хузæ, æма æ алли хузи нихмæ дæр иммунитет федар уа, уомæн гæнæн нæййес. Анзи ескæци афонæ адæймаг гриппæй ку фæссæйгæ уа, уæддæр си дуккаг хатт фæссæйгæй æдас нæ уодзæнæй. Уомæ гæсгæ, гриппи нихмæ вакцинаци кæнгæ 'й алли анз дæр.

Гриппи эпидеми фæууй алли хатт дæр фæззигон-зумæгон афони. Пандемийæ ба æрцæуй, гъома, еугур дуйнебæл дæр нез рахæлеу уй 15-20 анземæ еу хатт.

Грипп адæймагбæл, уæлдайдæр сувæллонбæл, æнцонæй бахуæцуй – еуæй иннемæ бахъæртуй уæлдæфи. Сувæллони рази сæйгæ ку æрæхснирса, уæд е дæр фагæ 'й, цæмæй ибæл нез бацæфса, уомæн. Фал вирус парахатгæнгутæ 'нцæ, зæгъæн, цъумур къохтæ дæр. Вирус æхуæдæг уотæ тухгин нæй, æ рамарунмæ фагæ 'й къохтæ сапойнæй нихснун кенæ антисептикæй расæрфун, фал е – адæймаг хæдзари ку нæ уа, уæд. Мадта сувæллæнттæ ба домунцæ уæлдай цæстдард, уомæй уæлдай, сæ гъазæнтæ фæуунцæ еу, сæ бон æй, æма еу къосæй ниуазонцæ, æма еугур уони фудæй сæйгæ кæнунцæ ахиддæр.

**– Сувæллон гриппæй ке фæссæйгæ 'й, е цæмæй бæрæг æй?**

– Нез имæ ку бахъæртуй, уæд æхе уайтæкки нæ рабæрæг кæнуй, æма бал фиццаг дууæ-æртæ бони сувæллон æхе хуарз фенкъаруй. Фал вирус бауæри куд парахат кæнуй, уотæ сувæллонæн дæр æ уавæр лæгъуздæр кæнун райдайуй. Фиццаг бæнтти еци уавæр фæууй карз, бауæри тæвдæ уæлæмæ ниццæвуй æма 39-40 градусмæ исхъæртуй (уæлдайдæр, 5 анзей уæнгæ сувæллæнттæн). Сæйгæ уазал кæнун райдайуй, резæг ибæл бахуæцуй, бауæр, æстгутæ ресунцæ, сор хуфæг ибæл бацæфсуй, хъуртæ ресунцæ, фийии дон фемæхсуй. Сæйгæн хуæрруйнаг æгириддæр æ зæрдæ нæ фæззæгъуй, æ зæрдæ фæххæссуй. Вирус ци марггъæстæ бауæргъæдтæ раудзуй, етæ ихалунцæ листæг дадзинттæ, æма уой фудæй фийии тог кæлун райдайуй кенæ ба бауæр рафадуй. Еци марггъæстæ бауæргъæдтæ ахид ихалунцæ нерви системæ дæр, уой фудæй сæйгæ сувæллон æздухститæ кæнун æма сæнттæ цæгъдун райдайуй.

**– Гриппæй сæйгæ сувæллони нийиергутæ ку нæ дзæбæх кæнонцæ, кенæ ба 'й раст ку нæ дзæбæх кæнонцæ, уæд е цæмæй тæссаг æй?**

– Фиццагидæр, грипп тæссаг æй, фæстеугутæ ке расайуй, уомæй, уонæн сæ уæззаудæр æй пневмонийæ, уомæн æ тæссагдæр хузтæй ба еу – «геморрагическая», ке хонунцæ, вирусон еци пневмонийæ, хæлеу кæнуй хъæбæр тагъд æма ахид æркæнуй мæлуни цаутæмæ. Гриппи иннæ уæззау фæстеугутæ 'нцæ менингит, энцефалит, хæцъæфти нез – миозит, идарддæр – ринит, отит, синусит, бронхит æма æндæртæ.

**– Ци хузи ес гриппæй сувæллони багъæуайгæнæн, уæдта циуавæр æнцæ нези профилактики мадзæлттæ?**

– Вирусæй сувæллони нæййес бустæги багъæуай кæнун. Мадта сувæллони еудадзугдæр хецæнæй дарæ – уомæн дæр гæнæн нæййес. Уой бæсти еугур хъауритæ дæр исаразун гъæуй æ иммунитет ин фæффедар кæнунмæ, хуæрун ин кæнун, цæттæй ке уæйæ кæнунцæ, уæхæн хуæрруйнæгтæ нæ, фал пайда ка уа, уæхæнттæ, дохтири амундæй ин витаминтæ æма минералон комплекстæ дæттун. Алли бон дæр сувæллон гъæуама гъаза кæдзос уæлдæфи уавæрти.

Эпидемий рæстæг гъæунцæ уæлæнхасæн гъæуайгæнæн мадзæлттæ – уат гъæуй уомæл æфснайд кæнун, уати къæрæзгитæ – ахиддæр игон кæнун, къохтæ – ахиддæр æхснун, æма, гриппи профилактики ахсгиагдæр фæрæзнæ вакцинаци ке æй, е уи иронх ма уæд. Тæккæ хуæздæр фæууй вакцинаци сентябри кенæ октябри кæнун, фал ин фæстæдæр искæнун дæр æнгъезуй. Æцæг вакцинаци кæнуни рæстæг сувæллон гъæуама уа æнæнез.

Еузагъдæй, уæхе дæр æма уæ сувæллæнтти дæр гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ.

*Медицинон профилактики республикон центр*

# ЗУЙМОН УАЗÆЛТТÆЙ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..

**Зуймон уазæлттæй æхе ка нæ гъæуай кæнуй кенæ, уазал искæнунæй ка нæ тæрсуй, уонæн фæссæйгæ ун æй хъæбæр тæссаг. Уотæ цæмæй ма рауайа, уой туххæй зонун гъæуй, уазалæй багъæуай кæнунæн ци мадзæлттæ ес, уони, уæдта, организм уазали нихмæ фæллæуунгъон куд уа, уобæл æй минкъийгай исахур кæнун.**



Дзубанди, фиццагидæр, цæуй зуймон дзаумаубæл, уомæн æма нæ уазалæй е гъæуай кæнуй. Зуймон уæледарæс гъæуама уа гъар, фал рæуæг, дон си куд нæ гъара, уæхæн. Уой хæццæ, унгæг гъæуама ма уа, адæймагæн æ алли фезмæлд дæр æ барæ куд уа, уотæ. Рæстæг уомæл ку уа (ку уара, кенæ дон æма мет еумæ ку уаронцæ, мегъæ бон ку уа), уæд дзаума ниууомæл уй æма гъарæн нецибал пайда фæууй, æма соркæнуйнаг исуй. Дзаума басор кæнунæн уавæртæ ку нæ уа, уæд адæймаг æ цуд гъæуама ма фæссабур кæна, фал змæла никки фулдæр, цæмæй тог коса æма адæймаг уазал ма кæна. Уотемæй, гъар кæми нæ уа кенæ арт кæми ма содза, уордæмæ фæттагъд кæна.

Мадта къахидарæс дæр унгæг гъæуама ма уа. Къах ке ресун кæнуй уомæй уæлдай ма, тогдадзинттæ æлхъевуй. Тогдадзинттæ ба æлхъивд ку уонцæ, уæд къах уазал кæнуй. Цæугæй къахи æнгулдзитæ, гæнæн цæйбæрцæ уа, уойбæрцæ сæ змæлун кæнетæ къахидарæси дæр, цæмæй сæмæ тог хуæздæр хъæрта æма къæхтæ ма исуазал уонцæ, уой туххæй.

Уазалæй уæлдай гъæуайкæнуйнаг æй цæсгон. Уомæ гæсгæ пайда кæнун гъæуй сæрмагонд кремтæй. Цæсгон си байсæрдун фæгъгъæуй, гъæунгмæ рацæуни разæй еу 40 минути раздæр.

Иронх уи ма уæд, уолæфун ке гъæуй гъæлæсæй нæ, фал айдагъдæр фийийæй, цæмæй хъуртæ ма исуазал кæнонцæ, уой туххæй.

Зумæгон уазæлтти фудæй адæймаг цæмæй ма фæссæйгæ уа, уой туххæй гъæуй тæвдæ хуæрруйнаг, калоритæ берæ кæми ес, уæхæн. Гъæунгæмæ рацæуни размæ гъæуй бахуæрун, уомæн æма уазали нихмæ фæллæуунæн организми гъæуй калоритæ дзæвгарæ бæрцæй. Хуæрруйнаги гъæуама фулдæр уа уорсаг, сойнæ, витамин С. Фулдæр гъæуй дон ниуазун, уæлдайдæр ба – тæвдæ ка уа, уæхæн дæнттæ. Дон хуæздæр кæнуй тоги зелдох, æма уой фæрци организм исгъар уй.

Тамаку зумæгон уазалæй адæймаги нæ гъæуай кæнуй, е нæ, фал æ фудæй листæг тогдадзинттæ кæнунцæ никки нарæгдæр, æма бауæрæн æ гъæуай кæнуни хъауритæ лæмæгъдæр кæнунцæ. Уотæ, уазалæй нæ багъæуай кæндзæнæй карз ниуæзтæ дæр, кæд æма 'й еуæй-еуетæ нимайунцæ «гъаргæнæнбæл». Карз ниуæзтæ тогдадзинттæ кæнуй урухдæр, гъар бауæрæй цæуй æндæмæ, æма адæймаг кæнуй уазал.

Думгæй дæр уæхе гъæуай кæнетæ æма, кумæ нæ хъæртуй, уæхæн рауæн уæхе байауон кæнетæ – думгæмæ исуазал кæнун æй хъæбæр æнцон.

Исуазал дæн, зæгъгæ, адæймаг куддæр балæдæра, уотæ гъæуама гъар рауæн райагора, тæвдæ цай бацума.

Еугур аци зонуйнæгтæ ку æнхæст кæнайтæ, уæд зумæгон уазæлттæй уæхе багъæуай кæндзинайтæ. Уазалæй багъæуай кæнунæн фæййагъаз уодзæнæнцæ берæ æндæр листæг гъуддæгутæ дæр, фал сæйрагдæр æнцæ – дзаума, къахидарæс, хуæрруйнаг.

Уæхе гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ.

*Медицинон профилактики республикон центр*

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 900. Заказ № 264.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 09.02.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 09.02.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.